

# Pwogram Koneksyon Abòdab

Pwogram Koneksyon Abòdab la se yon pwogram Komisyon Federal pou Kominikasyon (FCC program) ki ede konekte entènèt pou fanmi ak kay ki gen difikilte pou peye sèvis entènèt.

Benefis yo bay la se:

- Jiska \$30/mwa rabè pou sèvis entènèt;
- Jiska \$75/mwa rabè pou kay ki sou tè Tribal ki kalifye; ak
- Yon rabè yon sèl-fwa ki rive jiska \$100 pou yon laptop, òdinatè Dèsktòp, oswa tablèt ou achte nan men yon founisè entènèt ki patisipe nan pwogram nan.

**Gade si Ou Kalifye epi Aplike**

Rele: 877-384-2575

Vizite: [AffordableConnectivity.gov](https://www.AffordableConnectivity.gov)



# Pwogram Koneksyon Abòdab

## Èske ou kalifye?

Yon kay kalifye si yon moun nan kay la satisfè omwen youn nan kritè ki anba a yo:

- Gen yon revni ki nan oswa anba 200% nan [Gid Povrete Federal](#) la;
- Partisipe nan kèk pwogram asistans, tankou SNAP, Medicaid, Asistans Federal pou Lojman Piblik, SSI, WIC, oswa Lifeline;
- Patisipe nan pwogram tribal espesifik, tankou Biwo Asistans Jeneral pou Aktivite Endyen yo, Tribi TANF, oswa Pwogram Distribisyon Manje sou Rezèvasyon Endyen yo;
- Li apwouve pou resevwa avantaj pwogram manje midi gratis ak pri redwi oswa pwogram manje maten lekòl la, ak pou pwogram USDA ki rele Pwovizyon pou Kominote Elajib;
- Te resevwa Sibvansyon Federal Pell pandan ane aktyèl yo ap bay li a; Oubyen
- Satisfè kritè kalifikasyon pou pwogram founisè entènèt rapid nan apwouve pou moun ki gen revni fèb yo.

## De etap pou enskri

1. Ale nan [AffordableConnectivity.gov](https://www.AffordableConnectivity.gov) pou voye yon aplikasyon oswa enprime yon aplikasyon pou voye pa lapòs; epi
2. Kontakte founisè entènèt prefere w la ki patisipe nan pwogram sa, pou ou chwazi yon plan ki kalifye epi fè yo fè rabè nan bòdwo ou.

Gen kèk founisè ki ka gen yon lòt aplikasyon ke yo pral mande w ranpli.

Kay ki kalifye yo dwe aplike pou pwogram nan epi kontakte yon founisè entènèt ki patisipe nan pwogram nan pou chwazi yon plan sèvis.

